



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

Dhuwit Elektronik

UANG ELEKTRONIK

Penulis : Ares Brilatin
Illustrator: Irvan Sinaga





KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

Dhuwit Elektronik

UANG ELEKTRONIK

Penulis : Ares Brilatin
Ilustrator: Irvan Sinaga

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan Dasar Dasar dan Menengah Republik Indonesia

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Dhuwit Èlèktronik Uang Elektronik

Penulis : Ares Brilatin
Ilustrator : Irvan Sinaga
Penerjemah : Siti Nurhilmi Nihayati
Penyunting : 1. Bahasa Jawa : Dhanu Priyo Prabowo
2. Bahasa Indonesia: Nur Ramadhoni Setyaningsih
Penata Letak : Irvan Sinaga

Tim Pelaksana: 1. Wuri Rohayati
2. Wuroidatil Hamro
3. Nindwihapsari
4. M. Haris Ardhani
5. Rino Edrianto

Penerbit
Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024
ISBN

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 20/34, Arial, Calibri.
ii, 29 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Bahasa Menyapa

Hai, Pembaca yang Budiman.

Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi



Bali saka sekolah, Déwan ndhèrèk bapaklan ibuné menyang Bandara YIA. Wiwit tangi turu, Déwan ora sabar saperlu methuk seduluré.

“Mas Bimo!” Déwan mbengok nalika weruh kangmasé.

Mas Bimo kuwi ponakané ibuné Déwan sing nyambut gawé ana ing Samarinda. Nalika Mas Bimo isih SMP, wong tuwané séda amarga lindhu. Wiwit kuwi, Mas Bimo ndhèrèk wong tuwané Déwan. Mula saben prèi nyambut gawé Mas Bimo ngelengaké mulih menyang Bantul.

Pulang sekolah, Dewan ikut bapak dan ibunya berangkat ke Bandara YIA. Sejak bangun tidur, Dewan tidak sabar untuk menjemput keluarganya.

“Mas Bimo!” Dewan berteriak ketika melihat kakaknya.

Mas Bimo adalah keponakan ibu Dewan yang bekerja di Samarinda. Ketika Mas Bimo masih SMP, orang tuanya meninggal karena gempa. Sejak saat itu, Mas Bimo ikut orang tua Dewan. Setiap libur kerja, Mas Bimo menyempatkan untuk pulang ke Bantul.





Tekan omah, Mas Bimo ngaso ing kamar kang uwis dicepakaké. Sawisé ngaso, Mas Bimo tilik pekarangan sandhing omah. Dhèwèké nemu kaca manéka ukuran sing cacahé lumayan akèh.

“Pakdhé, kaca niki saged didamel aquarium kanggé ngingu iwak,” Mas Bimo matur marang bapaké Déwan.

“Kuwi kaca tilas étalase toko, kepeneran yèn bisa digunakaké. Mengko taksilihaké piranti kanggo ngethoki kaca kagungané Pak Jumari. Kowé bisa migunakaké, ta?” Mas Bimo manthuk-manthuk.



Sesampainya di rumah, Mas Bimo beristirahat di kamar yang sudah disiapkan. Setelah beristirahat, Mas Bimo mendatangi pekarangan samping rumah. Dia menemukan kaca berbagai ukuran yang jumlahnya agak banyak.

“Pakde, kaca ini bisa dibuat aquarium untuk memelihara ikan,” Mas Bimo berkata kepada bapak Dewan.

“Itu kaca bekas etalase toko, kebetulan jika bisa digunakan. Nanti kupinjamkan alat pemotong kaca milik Pak Jumari. Kamu bisa menggunakannya, kan?” Mas Bimo mengangguk.

Déwan diajak Mas Bimo
tuku lém lan piranti liyané. Turut
dalan, Déwan mbatin ngapa
dhèwèké ora migunakaké rosok
kaca wiwit wingi.

Tekan omah, Déwan
ngréwangi Bapak ngumbah kaca.
Mas Bimo gawé gambar kanggo
nemtokaké ukuran lan wujudé
supaya pas. Kaca sing wis resik
banjur dikethok, dilém dadi wujud
balok tanpa tutup.

Sawisé kraket lan garing,
wujudé akuarium wis katon.
Akuarium banjur diisi banyu
kanggo njajal bocor lan orané.
Ora katon ana banyu sing rembes,
pratandha akuarium uwis bisa
digunakaké.



Dewan diajak Mas Bimo
untuk membeli lem dan
perlengkapan yang lain. Dalam
perjalanan, Dewan membatin
mengapa dia tidak memanfaatkan
kaca bekas sejak kemarin.

Sesampainya di rumah,
Dewan membantu Bapak mencuci
kaca. Mas Bimo membuat gambar
untuk menentukan ukuran dan
bentuk supaya pas. Kaca yang
sudah bersih kemudian dipotong,
dilem menjadi bentuk balok tanpa
tutup.

Setelah menempel dan
kering, bentuk akuarium sudah
terlihat. Akuarium kemudian
diisi air untuk dilihat bocor atau
tidaknya. Tidak terlihat ada air
yang rembes, artinya akuarium
sudah bisa digunakan.



Nalika dina Minggu, Déwan diajak Mas Bimo menyang Pasty. Pasty iku singkatan pasar héwan dan tanaman hias Yogyakarta. Pasty papané ana ing Jalan Bantul, Yogyakarta.

Sisih wétan dalan, kanggo dol-tinuku kéwan. Sisih kulon dalan, kanggo dol-tinuku tanduran pasrèn. Mas Bimo mlebu lawang sisih wétan, banjur markiraké motoré. Déwan digandhèng Mas Bimo mlaku mlebu pasar.

Dhèwèké nembé sepisan mlebu Pasty. Nalika mlebu pasar, jebul ora kaya sing dibayangaké Déwan. Ora katon reged, peteng, apa manèh nemoni lendhut. Kosok baliné, Pasty minangka papan sing éyup, resik, lan tentrem.



Pada hari Minggu, Dewan diajak Mas Bimo ke Pasty. Pasty merupakan singkatan dari pasar hewan dan tanaman hias Yogyakarta. Tempatnya ada di Jalan Bantul, Yogyakarta.

Sebelah timur jalan, untuk jual beli hewan. Sebelah barat jalan, untuk jual beli tanaman hias. Mas Bimo masuk pintu sebelah timur, kemudian memarkirkan motornya. Dewan digandeng Mas Bimo berjalan masuk pasar.

Dia baru pertama kali masuk Pasty. Ketika masuk pasar, ternyata tidak seperti yang dibayangkan Dewan. Tidak tampak kotor, gelap, apalagi menemukan tanah yang becek. Sebaliknya, Pasty merupakan tempat yang sejuk, bersih, dan tenang.

Bangunan pasar kebak
lurung sing amba lan resik.
Sakiwa-tengené lurung katon
manéka jinis manuk nangkring
ana ing sajeroné kurungan.
Keprungu swara océhané manuk
saut-sautan. Wulu-wuluné
manuk sing manéka warna asri
disawang.

Ana manuk tuwu sing sorot
mripaté katon tajem. Ana uga
sing sorot mripaté nggemesaké
kayata manuk kakaktua. Déwan
marani kéwan liyané, kayata
truwèlu, kucing, asu, tekèk,
lan ula. Aja wedi marang ula,
amarga anteng mlungker ana ing
kandhang.

Wong-wong sing menyang
Pasty wiwit saka wong enom
nganti wong tuwa. Wong kang
teka ing Pasty lanang lan wadon
kaya-kaya duwé kasenangan sing
padha.



Bangunan pasar penuh
dengan lorong yang luas dan
bersih. Pada kiri kanan lorong
terlihat berbagai jenis burung
bertengger di dalam sangkar.
Terdengar suara ocehan burung
bersahutan. Warna bulu burung
yang beraneka ragam enak
dilihat.

Ada burung tuhu yang
sorot matanya terlihat tajam.
Ada juga yang sorot matanya
menggemaskan, seperti burung
kakaktua. Dewan mendatangi
hewan lain, seperti kelinci,
kucing, anjing, tokek, dan ular.
Tidak usah takut dengan ular,
karena diam melingkar di dalam
kandang.

Orang-orang yang datang
ke Pasty mulai dari yang muda
hingga tua. Pengunjung Pasty,
laki-laki dan perempuan, seolah-
olah mempunyai kegemaran yang
sama.



Mas Bimo ngajak Déwan menyang bakul iwak hias. Mas Bimo tuku piranti lampu, filter banyu, lan selang. Mas Bimo uga kongkon Déwan supaya milih iwak hias sing disenengi.

Déwan ngemataké akuarium isi iwak sing wujudé warata kaya panah. Siripé dawa, keliré ana kelawu putih, ireng, lan kuning. Miturut bakulé, iwak kuwi arané manfish. Bakul iwak uga nerangaké yèn manfish gampang rumatané.

Manfish kalebu omnivora, doyan manéka warna pakan. Sipaté ora galak, ora agrésif satemah bisa diaworaké iwak liyané. Iwak iki uga gampang ngendhog.

Mas Bimo mengajak Dewan menuju penjual ikan hias. Mas Bimo membeli perlengkapan seperti lampu, filter air, dan selang. Mas Bimo juga meminta Dewan supaya memilih ikan hias yang disukai.

Dewan melihat akuarium berisi ikan yang wujudnya panjang seperti panah. Siripnya panjang, warnanya ada abu-abu putih, hitam, dan kuning. Menurut penjualnya, ikan itu disebut manfish. Penjual ikan juga menjelaskan bahwa manfish mudah perawatannya.

Manfish tergolong omnivora, menyukai berbagai macam makanan. Sifatnya tidak galak, tidak agresif sehingga bisa dicampur dengan ikan yang lain. Ikan ini juga mudah bertelur.



Pungkasané, Déwan milih ngingu iwak manfish. Mas Bimo banjur mbayari iwak pilihané Déwan. Tangané nggrayangi kanthong suwalé, mung ana *handphone* lan dhuwit sepuluh èwu. Jebul dhompèté kèri ing omah.

“Ngapunten, Mas, napa saged kula bayari nganggé arta èlèktronik?” pitakoné Mas Bimo.

“Saged, Mas. Nganggé *scan barcode* QRIS,” wangsulané bakulé iwak.

Mas Bimo nunul-nunul *handphone*, banjur motrèt gambar sing ditèmplèkaké ing méja kasir. Gambar kuwi ana tulisané *scan barcode* QRIS. Bakul iwak mriksa bukti bayaran ing *handphone*, banjur ngaturaké matur nuwun.



Akhirnya Dewan memilih untuk memelihara ikan manfish. Mas Bimo kemudian membayar ikan pilihan Dewan. Tangannya meraba kantong celana, tapi hanya ada gawai dan uang sepuluh ribu. Ternyata dompet Mas Bimo tertinggal di rumah.

“Mohon maaf, Mas. Apakah saya bisa membayar dengan uang elektronik?” tanya Mas Bimo.

“Bisa, Mas. Dengan memindai kode batang QRIS,” jawab penjual ikan.

Mas Bimo memencet gawai, kemudian memindai gambar yang ditempelkan di meja kasir. Pada gambar itu ada tulisan memindai *scan barcode* QRIS. Penjual ikan memeriksa bukti pembayaran di gawai, kemudian mengucapkan terima kasih.

Toko Ikan



“Wan, Déwan, ayo!” Mas Bimo mbengok nimbali Déwan sing lagi njinggleng ndeleng bulus. Déwan nututi Mas Bimo, banjur miterang kepriyé olèhé mbayar blanjaé.

“Mas Bimo mbayar nganggo dhuwit èlèktronik.” Déwan bingung mirengaké ngendikané Mas Bimo. Mas Bimo banjur nerangaké. Dhuwit èlèktronik kuwi sarana mbayar kanthi ora tunai nganggo mèdhiya èlèktronik.

Nasabah kudu nyetor dhuwit dhisik menyang penerbit lan disimpen ing sarana èlèktronik. Penerbit kuwi upamané bank. Sarana kang bisa kanggo ngoperasèkaké dhuwit èlèktronik kayata tilpun pinter utawa *smartphone*. Yèn digunakaké, cacahé dhuwit èlèktronik kang disimpen ing mèdhiya èlèktronik bakal suda.



“Wan, Dewan ayo!” Mas Bimo berteriak memanggil Dewan yang sedang melihat labi-labi. Dewan mengikuti Mas Bimo kemudian bertanya bagaimana cara membayar belanjanya.

“Mas Bimo membayar menggunakan uang elektronik.” Dewan bingung mendengarkan perkataan Mas Bimo. Mas Bimo kemudian menjelaskan. Uang elektronik itu sebagai alat pembayaran tidak tunai dengan media elektronik.

Nasabah harus menyetorkan uang dahulu ke penerbit dan disimpan di alat elektronik. Penerbit itu misalnya bank. Alat untuk mengoperasikan uang elektronik ialah telepon pintar atau gawai. Jika digunakan, jumlah uang elektronik yang disimpan di media elektronik akan berkurang.

“Wah, ora perlu gawa dhuwit tunai akèh, ya, Mas. Ora kuwatir dhuwité ilang,” ujaré Déwan. Mas Bimo sarujuk karo sing dikandhakaké Déwan.

Dhuwit èlèktronik minangka cara mbayar sing inovatif lan praktis. Awaké dhéwé bisa mbayar kanthi totalan sing pas, satemah bakulé ora perlu njujuli. Bisa kanggo mbayar transaksi sing cepet, kayata transaksi ing dalan tol. Bisa kanggo mbayar blanja, parkir, tuku tikèt bis, sepur, kapal, lan montor mabur.


Déwan uga kepéngin migunakaké dhuwit èlèktronik, nanging durung diparengaké amarga isih SD. Déwan durung cukup umuré gawé KTP kanggo sarat dadi nasabah. Sawetara iki Déwan bisa nyimpen dhuwité ing bank supaya aman.



“Wah, tidak perlu membawa uang tunai banyak, ya, Mas. Tidak khawatir uangnya hilang,” ujar Dewan. Mas Bimo setuju dengan yang dikatakan Dewan.

Uang elektronik merupakan cara membayar yang inovatif dan praktis. Kita dapat membayar dengan jumlah yang pas, sehingga penjualnya tidak perlu mengembalikan. Bisa untuk membayar transaksi dengan cepat seperti di jalan tol. Juga membayar belanja, parkir, membeli tiket bus, kereta api, kapal, dan pesawat.

Dewan juga ingin menggunakan uang elektronik, tetapi belum diperbolehkan karena masih SD. Usia Dewan belum cukup untuk membuat KTP sebagai syarat menjadi nasabah. Untuk sementara, Dewan bisa menyimpan uangnya di bank supaya aman.



Déwan nyritakaké pengalamané tau nyèlèngi dhuwit ing céléngan saka grabah. Marga disimpen ing grabah, ana dhuwité sing bubuken kegawa suwéné olèhé nyimpen. Uga tau nyèlèngi ing céléngan plastik. Dhuwite ana sing suwèk amarga kurang ngati-ati nalika nglebokaké.

Ora krasa wong loro mlaku tekan *foodcourt*. “Pak, napa saged mbayar ngangge QRIS?” pitakoné Mas Bimo marang bakul sega.

“Ngapunten, Mas, mboten saged. Nanging saged *transfer*, Mas, kula nganggé M-Banking.

“Oh, njih, Pak, menawi mekaten, kula pesen maeman, njih,” Mas Bimo katon lega.

Déwan lan Mas Bimo pesen sega pecel, ès tèh, lan goréngan. Nalika mbayar, Mas Bimo nunul-nunul nganggo *handphone* manèh. Nanging, ora nganggo *scan* gambar kaya nalika mbayar blanja ing bakul iwak. Mas Bimo ngajak Déwan tumuju panggonan amba, banjur lungguhan ing sangisoré uwit waru.

Dewan menceritakan pengalamannya pernah menabung uang di celengan dari gerabah. Karena terlalu lama menyimpan di gerabah, uangnya menjadi lapuk. Juga pernah menabung di celengan plastik. Uangnya ada yang sobek karena kurang hati-hati ketika memasukkan.

Tidak terasa, dua orang tadi berjalan sampai di tempat penjual makanan. “Pak, apakah bisa membayar menggunakan QRIS?” pertanyaan Mas Bimo kepada penjual nasi.

“Mohon maaf, Mas, tidak bisa. Tetapi, bisa transfer, Mas. Saya menggunakan M-banking.

“Oh, baik, Pak, jika begitu saya memesan makanan, ya,” Mas Bimo tampak lega.

Dewan dan Mas Bimo memesan nasi pecel, es teh, serta gorengan. Ketika membayar, Mas Bimo memencet menggunakan gawai lagi. Tetapi, tidak menggunakan pindai gambar seperti ketika membayar belanja di penjual ikan. Mas Bimo mengajak Dewan menuju tempat luas, kemudian duduk di bawah pohon waru.

Déwan diajak nonton tandhing swara ocèhané manuk sing dianakaké para bakul manuk. Wong loro uga nonton gaburan dara. Dara digabur, mabur banjur bisa bali manèh. Déwan bungah banget, keplok-kepok saben ana dara mabur.

Dewan seméndhé ing uwit waru, panyawangé ngumbara ing awang-awang.

“Wan, apa kowé ngantuk? Kok seméndhé meneng waé,” pitakoné Mas Bimo.

“Aku lagi mikir, Mas,” wangsulané Déwan.

“Lho, mikir apa, ta, Wan?” Mas Bimo gumun.

“Mas Bimo, M-banking kuwi apa, ta, Mas?” Déwan miterang babagan M-banking.

“Owalah, jebul kawit mau mikir babagan M-banking,” Mas Bimo ngetokaké *handphone*. Mas Bimo nerangaké babagan M-Banking sinambi nuduhaké wujudé ana ing *handphone*.

Dewan diajak melihat lomba burung mengoceh yang diadakan para penjual burung. Mereka melihat lepasan burung dara. Burung dara dilepas, terbang kemudian bisa kembali lagi. Dewan senang sekali, bertepuk tangan setiap ada burung dara yang terbang.

Dewan bersandar di pohon waru, tatapannya mengembara di langit.

“Wan, apakah kamu mengantuk? Kok, bersandar diam saja?” tanya Mas Bimo.

“Aku sedang berpikir, Mas,” jawab Dewan.

“Lho, memikirkan apa, sih, Wan?” Mas Bimo kagum.

“Mas Bimo, M-banking itu apa, sih, Mas?” Dewan meminta penjelasan perihal M-banking.

“O w a l a h , t e r n y a t a dari tadi kamu memikirkan tentang M-banking,” Mas Bimo mengeluarkan gawai. Mas Bimo menjelaskan tentang M-banking sambil memperlihatkan wujudnya di gawai.



M-banking utawa *mobile banking* kuwi sawijining layanan saka bank kanggo sing migunakaké. Cara kerjané M-Banking padha karo layanan bank umumé. Bedané yaiku wujudé aplikasi. Layanan iku kudu diundhuh dhisik ing *smartphone*.

Sawisé diundhuh, nasabah kudu ndhaptar akun M-Banking. Nasabah bisa nindakaké transaksi perbankan liwat sawernané pilihan ing *smartphone*. Nasabah bisa nindakaké transaksi saka ngendi baé uga kapan baé . Bisa *transfer* dhuwit, bayar pajeg, listrik, BPJS, lan kabutuhan liyané.

“Ateges M-Banking uga kalebu dhuwit èlèktronik, nggih, Mas?” pitakoné Déwan.

“Bener, Wan. Dhuwit èlèktronik sing akèh gunané,” wangsulané Mas Bimo.

“Wah kepénak, nggih, Mas. Bisa ngirit wektu lan tenaga,” ujaré Déwan.

M-banking atau mobile banking merupakan salah satu layanan dari bank untuk penggunaanya. Cara kerja M-banking sama dengan layanan perbankan lainnya. Bedanya adalah berwujud aplikasi. Layanan itu harus diunduh terlebih dahulu di gawai.

Setelah diunduh, nasabah harus mendaftar akun M-banking. Nasabah dapat melakukan transaksi perbankan melalui banyak pilihan di gawai. Nasabah dapat melakukan transaksi dari mana saja dan kapan saja. Bisa transfer uang, membayar pajak, listrik, BPJS, dan kebutuhan lainnya.

“Jadi, M-banking juga termasuk uang elektronik, ya, Mas?” tanya Dewan.

“Benar, Wan. Uang elektronik mempunyai banyak manfaat,” jawab Mas Bimo.

“Wah, enak, ya, Mas, bisa menghemat waktu dan tenaga,” ucap Dewan.

“Bener kandhamu, Wan. Dhuwit èlèktronik akèh gunané. Ananging, yèn nasabah ora migunakaké dhuwit èlèktronik kanthi wicaksana, bisa dadi cilaka. Bisa kaya bebasan kegedhèn empyak, kurang cagak. Sing migunakaké uga gampang kapusan déning peretas.”

“Sing migunakaké ora pareng sembrana, kudu setiti. Mula salah sawijining sarat nasabah kudu uwis diwasa. Déwan wiwit saiki kudu sinau migunakaké tèknologi kanthi wicaksana,” piwelingé Mas Bimo.

“Nggih, Mas, yèn uwis diwasa aku bakal nganggo dhuwit èlèktronik kanthi wicaksana,” ujaré Déwan. Srengéngé saya dhuwur, hawané saya panas. Mas Bimo ngajak Déwan mulih.

“Benar katamu, Wan. Uang elektronik mempunyai banyak manfaat. Namun, jika nasabah tidak menggunakan uang elektronik dengan bijaksana, bisa membuat celaka. Seperti peribahasa besar pasak daripada tiang. Penggunaanya juga mudah dibohongi oleh peretas.

Penggunaanya tidak boleh sembrono, harus hati-hati. Maka, salah satu syarat menjadi nasabah harus sudah dewasa. Dewan mulai sekarang harus belajar menggunakan teknologi dengan bijaksana, Mas Bimo mengingatkan.

“Ya. Mas. Jika sudah dewasa aku akan menggunakan uang elektrinik dengan bijaksana,” kata Dewan. Matahari semakin naik, udaranya semakin panas. Mas Bimo mengajak Dewan pulang.





Tekan omah, Mas Bimo masang piranti lampu, *filter*, lan selang. Iwak manfish dicemplungaké ing akuarium. Déwan bungah nyawang iwak ing akuarium. Mas Bimo mèlu nyawang, nanging sajak ana sing dibatin.

“Akuariumé gedhé, Wan. Yèn disawang, isih kopong. Kepriyé yèn digawèkaké pacakan akuarium saka barang rosok? Rosok kang digunakaké marakaké lingkungan luwih resik. Lemut padha sumingkir, bisa nangkis penyakit kayata DBD,” pituturé Mas Bimo.

Déwan sarujuk. Wong loro banjur menyang gudhang. Barang ana ing gudhang dipilih sing bisa digunakaké kanggo macaki akuarium. Ana bohlam, cantholan kunci, gendul, lan rosok liyané. Rosok sing dipilih banjur dikumbah nganti resik.

Sesampainya di rumah, Mas Bimo memasang perlengkapan seperti lampu, filter, dan selang. Ikan manfish dicemplungkan ke akuarium. Dewan senang memandang ikan berenang di akuarium. Mas Bimo ikut memandang, tetapi seperti ada yang dipikirkan.

“Akuariumnya besar, Wan. Jika dilihat, masih kosong. Bagaimana jika dibuatkan hiasan akuarium dari barang bekas? Barang bekas yang dimanfaatkan membuat lingkungan lebih bersih. Nyamuk akan pergi, bisa menangkal penyakit seperti DBD,” tutur Mas Bimo.

Dewan setuju, kemudian mereka berangkat ke gudang. Barang di gudang dipilih yang bisa dimanfaatkan sebagai hiasan akuarium. Ada bohlam, gantungan kunci, botol, dan barang bekas yang lain. Barang bekas yang dipilih kemudian dicuci sampai bersih.

Mas Bimo lan Déwan sinau saka internèt kepriyé carané gawé kembang saka gendul rosok. Mas Bima uga sinau ngolah rosok saka bohlam. Bohlam diisi wedhi, digawé dadi mèmper bandhulan.

Déwan nglumpukaké krikil saka pekarangan, banjur dicèt kelir putih. Rosok gendul kaca digambar kaya lungguhan. Sawisé cèt garing, pacakan banjur dikumbah resik supaya gandané cèt ilang. Siji mbaka siji pacakan dilebokaké lan ditata ing akuarium.

Akuariumé dadi luwih éndah. Kaya ana taman cilik ing sajeroné akuarium. Déwan tambah bungah anggoné nyawang. Mas Bimo dhawuhi Déwan ngadeg ing sandhing akuarium, banjur dipotrèt.

Mas Bimo dan Dewan belajar dari internet tentang cara membuat bunga dari botol bekas. Mas Bimo juga belajar mengolah bohlam bekas. Bohlam diisi pasir dibuat menyerupai gantungan.

Dewan mengumpulkan kerikil dari pekarangan, kemudian dicat warna putih. Botol kaca bekas digambar seperti tempat duduk. Setelah cat kering, hiasan kemudian dicuci bersih supaya bau cat hilang. Satu persatu hiasan dimasukkan dan ditata di akuarium.

Akuariumnya menjadi lebih indah. Seperti ada taman kecil di dalam akuarium. Dewan makin senang memandangnya. Mas Bimo meminta Dewan berdiri di samping akuarium, kemudian dipotret.



Potrèt kuwi banjur kapacak ana ing mèdhiya sosial. Ora nyana, akèh kancané Mas Bimo sing kepingin akuariumé. Kanca-kancané pesen supaya digawékaké akuarium kaya sing uwis dipacak. Mas Bimo lan Déwan sarujuk nampa pesenan.

Wong loro saya wasis gawé akuarium kang dipacaki barang rosok. Manéka wujud pacakan akuarium digawé. Ana pacakan awujud taman, alas, angkasa, segara, lan liya-liyané. Sing pesen saya akèh.

Sabanjuré ana pesenan akuarium saka Solo lan Magelang. Mas Bimo migunakaké jasa kurir kirim barang kanggo ngirim pesenan kuwi. Déné sing tuku mbayar pesenané nganggo dhuwit èlèktronik. Déwan lan Mas Bimo nyimpen dhuwit bathèn dodolan ana ing bank.

Potret tadi kemudian diunggah di media sosial. Tidak menyangka, banyak teman Mas Bimo yang ingin akuariumnya. Teman-teman Mas Bimo memesan untuk dibuatkan akuarium seperti yang sudah dihias. Mas Bimo dan Dewan setuju menerima pesanan.

Mereka semakin terampil membuat hiasan akuarium dari barang bekas. Berbagai macam hiasan akuarium dibuat. Ada hiasan berwujud taman, hutan, angkasa, laut, dan lainnya. Makin banyak orang yang memesan hiasan akuariumnya.


Setelah itu ada pesanan akuarium dari Solo dan Magelang. Mas Bimo menggunakan jasa kurir kirim barang untuk mengirim pesanan itu. Adapun, pembeli membayar pesanannya menggunakan uang elektronik. Dewan dan Mas Bimo menyimpan keuntungan penjualan di bank.





Biodata

Penulis



Ares Brilatin atau yang lebih sering disapa Ares memiliki hobi menulis sejak masih di bangku sekolah dasar. Hobi menulis yang dimilikinya ini semakin berkembang hingga sekarang. Sejak artikelnya menjuarai lomba dan diterbitkan di salah satu koran provinsi, Ares menjadi lebih giat menulis. Saat ini sudah ada empat buku cerita anak ber-ISBN yang ditulisnya. Puluhan artikelnya telah dipublikasikan di berbagai media cetak maupun elektronik. Selain menulis, Ares juga gemar menggiatkan kegiatan literasi lainnya. Kegemarannya pada bidang literasi, mendorongnya menjadi penggagas komunitas giat literasi bernama Lelodedung. Penulis dapat dihubungi melalui posel aresbrilatin@gmail.com atau akun media sosial instagram [@ares_atin](https://www.instagram.com/ares_atin).

Penerjemah



Siti Nurhilmi Nihayati yang sering disapa dengan berbagai nama yaitu Utie, Siti, Hilmi, dan Mimi merupakan lulusan Sastra Nusantara, FIB, UGM. Ia berdomisili di Sewon, Bantul, Yogyakarta. Pada masa kuliah ia pernah mengikuti kegiatan penulisan majalah kampus, mentransliterasi naskah kuno, menjadi penyelaras akhir buku *Warisan Keberaksaraan Yogyakarta: Naskah sebagai Sumber Inspirasi*. Selain itu pernah mengajar di pulau paling selatan Indonesia, Kabupaten Rote Ndao, Nusa Tenggara Timur. Ia Juga menjadi konsultan pendidikan dan kebudayaan. Siti Nurhilmi Nihayati bisa dihubungi melalui instagram [@utie_mimi](https://www.instagram.com/utie_mimi) atau posel sitinurhilmi@gmail.com.

Ilustrator



Irvan Sinaga lahir di Lubuklinggau, 9 Mei 1997. Irvan bekerja sebagai ilustrator grafis. Saat ini ia sangat suka membuat ilustrasi buku anak. Baginya, cerita dan ilustrasi setiap halamannya merupakan ajakan bagi pembaca untuk mengeksplorasi dunia baru. Sudah banyak buku yang ia kerjakan. Ia bekerja dengan penulis-penulis luar biasa. Jika ingin melihat karyanya, silakan mengunjungi akun instagram [@letsvann](https://www.instagram.com/letsvann). Jika ingin berkolaborasi, silakan menghubunginya melalui posel irvansngauruk97@gmail.com.

Penyunting Bahasa Jawa



Dhanu Priyo Prabowo, lahir di Kulon Progo, Yogyakarta, 15 Januari 1961. Ia lulus Fakultas Sastra UNS Surakarta (1985) Jurusan Sastra Daerah dan lulus S-2 Fakultas Sastra UGM Yogyakarta (2000), Jurusan Ilmu-Ilmu Humaniora. Pensiunan pegawai Balai Bahasa Yogyakarta 2019 ini. Menjadi penulis cerita anak berbahasa Jawa dan berbahasa Indonesia selain itu, ia juga menulis cerita fiksi (novel) dan cerita pendek dalam bahasa Jawa dan Bahasa Indonesia, serta menjadi penyunting buku berbahasa Jawa.

Penyunting Bahasa Indonesia



Nur Ramadhoni Setyaningsih, lahir di Sleman. Pernah menyunting beberapa naskah cerita pendek. Saat ini ia aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY dan dapat ditemui di kantornya dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta; telepon (0274) 562070; posel nurramadhonis@gmail.com.



Akses buku-buku produk penerjemahan lainnya melalui laman:

<http://penerjemahan.kemdikbud.go.id>







**MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN**

Kaya adaté saben éntuk jatah prèi nyambut gawé, Mas Bimo wangsul Bantul nitih montor mabur saka Samarinda. Prèinan iki, Mas Bimo lan Déwan gawé piranti migunani saka barang rosok. Rosokan kuwi ditemokaké saka pekarangan omah.

Wong loro uga golèk rosok saka gudhang. Asil gegawéyan saka barang rosoké payu didel. Nalika dol tinuku, Mas Bimo migunakaké dhuwit nanging ora awujud dluwang utawa krincing récéhan. Dhuwit sing dinggo dol tinuku wujudé ora katon ing mripat ananging bisa digawa menyang ngendi waé lan bisa digunakaké kapan waé. Amarga dodolané laris, Mas Bimo lan Déwan bisa olèh bathi. Dhuwit bathi saka dodolan disimpen ana ing papan kang aman, ora kuwatir dibobol maling utawa kuwatir dhuwité bakal rusak.

Seperti biasanya setiap mendapat jatah libur kerja, Mas Bimo pulang ke Bantul naik pesawat dari Samarinda. Liburan ini, Mas Bimo dan Dewan membuat perabot yang berguna dari barang bekas. Barang bekas tadi ditemukan dari pekarangan rumah. Mereka juga mencari barang bekas dari gudang. Hasil pembuatan dari barang bekas laku untuk dijual. Pada saat jual beli, Mas Bimo menggunakan uang tetapi tidak berwujud kertas atau logam. Uang yang digunakan untuk jual beli wujudnya tidak terlihat oleh mata, tetapi bisa dibawa ke mana-mana dan bisa digunakan kapan saja. Karena penjualannya laris, Mas Bimo dan Dewan bisa mendapatkan keuntungan. Keuntungan dari penjualan disimpan di tempat yang aman, tidak khawatir dibobol maling atau uangnya akan rusak.



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024**